



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA A DEJA BAY 1,222 TIKÈ NAN ANE 2020 AN ANBA "OPERASYON KASK SEKIRITE A", SA KI DEPOSE TOTAL POU ANE 2019 LA

Inisyativ ant NYSP, Depatman Transpò ak Otorite Thruway la vize kontinye kenbe travayè otowout yo an sekirite nan zòn travay konstriksyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Lapolis Eta New York (New York State Police) deja bay 1,222 tikè pandan Operasyon Kask Sekirite (Operation Hardhat) a, yon inisyativ ant Lapolis Eta a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la ak Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority) la, pou reprime vyolasyon nan zòn travay yo epi mete aksan sou enpòtans pou chofè yo pran prekosyon lè yo rankontre ak operasyon konstriksyon, antretyen ak ijans yo sou otowout Eta yo. Avèk omwen twa mwa ki rete nan sezon konstriksyon an, total sa a deja depase 1,048 tikè ke Manm Patwouy Eta a te bay pandan tout ane 2019 la.

"Atravè Operasyon Kask Sekirite a, nou kontinye reprime yon fason agresif sou transgresè yo ki mete travayè otowout nou yo an danje", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè transpò esansyèl yo ak aktivite antretyen kontini yo pou kenbe otowout nou yo an sekirite ap fèt kounye a nan tout Eta New York, epi pou sekirite travayè otowout nou yo tout moun oblije swiv limit vitès nan zòn travay yo epi elimine distraksyon sou wout yo."

Deja an 2020, Lapolis Eta New York (New York State Police) te reyalize 37 patwouy nan zòn travay ke DOT ak Thruway la ap opere apati jiyè, ke yo prevwa ki ap kontinye jiska novanm. Yo te bay yon total 1,222 tikè, gen ladan:

- Eksè vitès - 432
- Senti sekirite - 122
- Telefòn Selilè - 192
- Lwa Mete ou Akote - 68
- Dezobeyisans ak Moun ki responsab sikilasyon yo - 2
- Dezobeyisans ak Aparèy Kontwòl Sikilasyon - 10
- DWI - 1
- Chanjman vwa danjere - 2
- Lòt vyolasyon - 403

Yo ap pwograme aktyèlman patwouy pou aplikasyon "Operasyon Kask Sekirite" anplis avèk Manm Patwouy ki ap patwouye zòn travay otowout yo nan pozisyon yo nan tout wout ant eta yo ak lòt otowout eta kote aktivite antreyen ak konstriksyon ap fèt kounye a.

Anba "Operasyon Kask Sekirite" la, Manm Patwouy Eta yo prezan nan zòn travay, yo abiye tankou travayè antreyen otowout, pou idantifye otomobilis ki dezobeyi pèsonèl ki ap fè sikilasyon an, ki ap fè eksè vitès nan zòn travay oswa ki vyole Lwa Mete ou Akote (Move Over Law) nan eta a, ki aplike pou veyikil ijans ak antreyen.

Anplis de sa, Depatman Transpò a deja fè patenarya avèk senk ajans lokal ki nan aplikasyon lalwa sou inisyativ "Kask Sekirite" yo an 2020, gen ladan Depatman Lapolis Utica (Utica Police Department), Biwo Cherif Konte Monroe, Biwo Cherif Konte Livingston, Biwo Cherif Konte Wyoming, ak Biwo Cherif Konte Schuyler. Separeman, operasyon sa yo te bay kòm rezilta 180 tikè yo te bay otomobilis yo, gen ladan tikè pou eksè vitès, vyolasyon senti sekirite, itilizasyon telefòn selilè/aparèy elektwonik, enspeksyon ki ekspire, pami lòt vyolasyon yo.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Mwen pa kapab remèsye patenè aplikasyon lalwa nou yo pou travay yo ap fè a pou kenbe travayè DOT yo an sekirite nan zòn travay otowout yo. Esansyèlman, 'Operasyon Kask Sekirite' a se yon kanpay edikatif yo konsevwa pou ogmante sansibilizasyon chofè yo sou konsekans lè yo pa swiv règleman sikilasyon yo nan yon zòn travay. Travayè DOT nou yo pral kontinye rete sou wout yo nan travay sou pwojè yo, gwo ak piti nan mwa ki ap vini yo - nan travay pou rann sistèm transpò New York la plis an sekirite. Nou bezwen tout otomobilis yo sonje ke ekip nou yo ap travay pou kenbe nou an sekirite, kidonk tanpri, kenbe yo an sekirite - ralanti epi mete ou akote".

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ian Matthew J. Driscoll te deklare, "Tout sa nou ap mande se yon se atansyon total ou ak yon moman nan tan ou dekwa pou travayè antreyen yo kapab ale lakay yo san domaj nan fen peryòd travay yo a. Mèsi ak patenè nou yo nan Lapolis Eta (State Police) a dèske yo ap patwouye Thruway la ak aplike limit vitès nan zòn travay yo pou pwoteje gason ak fanm Otorite Thruway la. Ekip sa yo ap travay di chak jou dekwa pou chofè yo kapab genyen yon wout ki an sekirite pou ale ak soti nan destinasyon yo a".

Sipèentandan Lapolis Eta a, Keith M. Corlett, te deklare, "Lapolis Eta New York angaje li pou sekirite otowout yo, epi sekirite ak byennèt travayè otowout ak konstriksyon yo pandan yo ap amelyore wout Eta nou an. Chofè yo ta dwe konsyan, nou pral kontinye aplike yon fason agresif lwa sou veyikil ak sikilasyon pandan sezon konstriksyon sa a. Nou mande tout otomobilis yo pou yo kondi an tout sekirite nan obeyi limit vitès ki afiche yo, nan mete yo akote, ak nan rete konsyan pa rapò ak travayè ak ekipman nan zòn travay otowout yo".

Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Nou vle asire

nou ke otowout nou yo rete san danje posib pou tout moun, espesyalman travayè sa yo ki ap fè operasyon antretyen, konstriksyon, oswa ijans yo. Evite trajedi ki san sans epi ki prevantif sa yo nan obeyi limit vitès yo ak nan mete ou akote lè ou rankontre veyikil ijans ak ekip antretyen yo. Yon moman inatansyon kapab mennen nan konsekans pandan tout lavi—Sa jis pa vo lapèn".

Otomobilis yo dwe sonje pase nan vwa Mete ou Akote a, si li posib san danje, oswa ralanti anpil nenpòt lè ou rankontre veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, anb ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Otomobilis yo ankouraje anpil pou ralanti ak kondui ak responsabilite nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon 511NY gratis la.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)